

BAB III METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Panalungtikan ngeunaan kapercayaan masarakat Kampung Adat Ciptagelar ngagunakeun pamarekan étnografi, nurutkeun Moleong (2007, kc. 237) runtuyan cara panalungtikan étnografi nya éta ieu di handap.


- a. Idéntifikasi budaya.
- b. Idéntifikasi variabel budaya.
- c. Kajian pustaka.
- d. Miboga ijin pikeun ngayakeun panalungtikan.
- e. Mikawanoh sarta paham kana budaya.
- f. Néangan informan.
- g. Ngumpulkeun sarta nganalisis data, ngadéskripsikeun budaya, sarta ngamekarkeun tiori.

Koentjaraningrat (1958, kc. 88) nétélakeun yén cara ngumpulkeun jeung nulis data étnografi disebut *fieldwork*. Pamarekan étnografi miboga sababaraha wanda, nya éta métode *genealogical*, métode *text recording*, métode *life cycle arrangement*, métode kisah perjalanan, métode prinsip konkrit ka abstrak, métode nyusun organisasi masarakat, jeung métode nyusun istilah kekerabatan. Nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta étnografi nu ngagunakeun métode *life cycle arrangement* (nyusun katerangan ngeunaan adat-istiadat jeung unsur-unsur budaya di masarakat), sarta sacara *genealogi* (ngumpulkeun data dumasar katerangan katurunan). Tujuanna sangkan panalungtik bisa leuwih jero mikawanoh objék kabudayaan nu ditalungtikna sarta bisa ngajelaskeun hasil panalungtikanana.

Panalungtikan ngeunaan kapercayaan masarakat Kampung Adat Ciptagelar ngagunakeun panalungtikan métode déskriptif. Nurutkeun Arikunto (2010, kc.3) kecap déskriptif asalna tina basa Inggris *to describe* nu hartina ngajelaskeun hiji hal, misalna kaayaan, kajadian, kagiatan, atawa hal séjén nu hasilna dijelaskeun dina wangun laporan panalungtikan.

Desain panalungtikan nu dilakasanakeun aya sababaraha tahapan, saperti ieu di handap.

Bagan 3.1 Desain panalungtikan



3.2 Sumber Data jeung Lokasi Panalungtikan

Panalungtikan di Kampung Adat Ciptagelar ngagunakeun téknik kualitatif. Nurutkeun Lofland jeung Lofland (dina Moleong, 2007, kc. 157) sumber utama dina kualitatif nya éta kekecapan jeung kalakuan, saterusna mangrupa data tambahan saperti dokumén, jrrd. Sumber data nu aya dina ieu panalungtikan nya éta hasil wawancara jeung baris kolot (tokoh masarakat) Kampung Adat Ciptagelar, ogé buku sumber nu patali jeung ieu panalungtikan.

Dumasar kana éta hal, data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- a. Kekecapan sarta kalakuan ti informan nu diwawancara anu mangrupa sumber data utama. Sumber data utama ditulis, direkam, atawa difoto. Data hasil panalungtikan mangrupa hasil kagiatan ningali, ngaregepkeun, jeung wawancara. Moleong (2007, kc. 158) nétélakeun yén panalungtikan dilaksanakeun dina kaayaan sadar jeung puguh topikna, puguh topikna lantaran teu sakabéh informasi nu aya bakal ditalungtik, kudu luyu jeung rumusan masalah.
- b. Sumber atawa référénsi tinulis anu miboga katégori ilmiah, misalna buku, tesis atawa disertasi, buku terbitan pamaréntah, jurnal ilmiah, sumber informasi di Lembaga Arsip Nasional, jrrd.
- c. Foto magrupa data panalungtikan anu biasana dipaké dina panalungtikan sangkan hasilna bisa dianalisis. Kiwari lantaran téknologi geus beuki maju, sumber data panalungtikan lain ukur foto, tapi bisa wangun rékaman sora atawa rékaman vidio. Nurutkeun Bogdan jeung Biklen (dina Moleong, 2007, kc. 160) aya dua katégori foto nu bisa dimangpaatkeun dina panalungtikan, nya éta foto hasil moto batur, jeung foto hasil moto panalungtik.
- d. Data statistik mangrupa sumber data tambahan pikeun panalungtikan sangkan data nu dipaké akurat. Data statistik bisa méré informasi ngeunaan komposisi

masarakat tina wanda umur, *gender*, agama, pakasaban, kahirupan sosial jeung ékonomi, jrrd.

3.2.1 Informan

Panalungtikan sistem kapercayaan Kampung Adat Ciptagelar ngagunakeun téhnik *purposive* atawa ngahaja. Dina ieu téhnik nangtukeun tujuan sarta jumlah sampel téh dumasar kana udagan husus, anu teu méngpar tina ciri-ciri sampel nu ditangtukeun. Kritéria informan dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- Jiwa jero atawa asli warga Kampung Adat Ciptagelar.
- Boga kalungguhan husus di Kampung Adat Ciptagelar.
- Individu nu sadia méré informasi nu dibutuhkeun.

Tabél 3.1 Informan


No	Wasta	<i>Jenis kelamin</i>	Umur	Kalungguhan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1	Abah Ugi Sugriana	Lalaki	29 taun	Sesepuh girang Kampung Adat Ciptagelar
2	Karma	Lalaki	60 taun	Rorokan dukun
3	Arsan	Lalaki	56 taun	Sesepuh lembur
4	Arjapi	Lalaki	52 taun	Réndang Kandé
5	Uwat	Awéwé	35 taun	-

3.2.2 Lokasi Panalungtikan


Dumasar data administratif, Kampung Adat Ciptagelar aya di kawasan Gunung Halimun, wilayah Kampung Sukamulya Desa Sirnaresmi, Kecamatan Cisolok Kabupatén Sukabumi. Jarak Kampung Adat Ciptagelar ti Desa Sirnaresmi 14 Km, ti kota kecamatan 27 Km, jeung 103 Km ti puseur pamarétahan Kabupatén Sukabumi, kira-kira 1.050 Km *diatas permukaan laut*. Komposisi

masarakat Kampung Adat Ciptagelar dumasar data taun 2014 nu aya dina catetan sesepuh lembur nya éta aya 279 urang lalaki, jeung 240 urang awéwé.

Gambar 3.1 Peta Kabupatén Sukabumi



Gambar 3.2 Peta Kampung Adat Ciptagelar



3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Panalungtikan


Instrumén panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

a. Catetan Lapangan

Nyieun catetan data atawa nulis data ku cara nyieun catetan lapangan, catetan rinci ngeunaan téma panalungtikan, jadwal, peta kontéks, alat éléktronik (alat rékam). Kaca mimiti dina catetan lapangan eusina nya éta judul informasi, waktu (tanggal jeung jam) panalungtikan, waktu nyieun catetan lapangan, tempat panalungtikan, panalungtik, jeung idéntitas informan. Hasil panalungtikan di lapangan dicatet pikeun dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan di Kampung Adat Ciptagelar.

Gambar 3.3 Catetan lapangan panalungtikan

<p>Catetan Lapangan: No. 5</p> <p><i>Pengamatan/Wawancara: L/A</i></p> <p>Waktu: tanggal-bulan-taun, jam</p> <p>Tempat:</p> <p>Subjék Panalungtikan: Kalungguhan, Wasta</p> <p>(deskriptif)</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>(réfléktif)</p> <p>Sawangan panalungtik</p> <p>.....</p> <p>.....</p>
--



b. Padoman Wawancara

Pedoman wawancara nya éta runtuyan pananya nu bakal ditanyakeun ka narasumber ngeunaan objék nu ditalungtik, narasumber nu diwawancara kudu ditulis idéntitasna. Informan dipilih dumasar *purvosive* atawa tinimbangan husus. Di antarana miboga kalungguhan husus di Kampung Adat Ciptagelar sarta sadia méré informasi nu dibutuhkeun pikeun panaungtikan. Téhnik wawancara nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik wawancara informal jeung wawancara ngeunaan riwayat sacara lisan. Pananya nu dipidangkeun dumasar kana tiori hal nu bisa ditalungtik dina sistem kapercayaan sarta unsur-unsur sistem kapercayan.

Format laporan wawancara nya éta ieu di handap.

1. Idéntitas informan

Wasta :
Jenis kelamin :
Umur :

Kalungguhan :

Alamat :

Pakasaban :

Atikan :

2. Pananya ngeunaan sistem kapercayaan masarakat Kampung Adat Ciptagelar.
 - a) Agama naon nu diagem ku masarakat Kampung Adat Ciptagelar?
 - b) Kumaha prak-prakan ibadahna?
 - c) Kumaha prak-prakan ritual jeung upacara adat kalénder Tunggul Taun?
 - d) Kumaha prak-prakan ritual jeung upacara adat dina dina siklus hirup?
 - e) Naon anu dimaksud kakuatan spiritual (wangsit) di Kampung Adat Ciptagelar?
 - f) Kumaha sawangan bapa/ibu ngeunaan alam dunya, kumaha katingalina, kumaha dijieunna, kumaha tingkatanana, sarta kumaha pakaitna jeung kahirupan manusa?
 - g) Naon waé nu kudu dilaksanakeun sangkan kahirupan masarakat Kampung Adat Ciptagelar salamet?
 - h) Naon waé nu teu meunang dilaksanakeun dina kahirupan masarakat Kampung Adat Ciptagelar?
 - i) Naon padoman hirup pikeun masarakat Kampung Adat Ciptagelar?
 - j) Naon nu dimaksud pancer pangawinan?

c. Alat Rekam

Alat rekam nu dipake dina ieu panalungtikan nya éta kaméra *digital* pikeun moto, sarta handphone pikeun ngarekam sora, katerangan alam rekam nya éta ieu di handap.

1) Sony Cybershot DSCW130/P 8.1MP

Technical Details

Auto Focus Technology: *Contrast Detect (sensor) Multi-area Single Live View*

Digital Zoom: *2x*

Resolution Maximum: *115,000*

ISO Range: *Auto, 100, 200, 400, 800, 1600, 3200*

Noor Ilmi Amalia, 2015

SISTEM KAPERCAYAAN KAMPUNG ADAT CIPTAGELAR

KABUPATEN SUKABUMI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI KELAS XII SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Image Aspect Ratio: 4:3, 3:2, 16:9

Image Stabilization: Optical

Maximum Focal Length: 128 mm

2) Samsung Galaxy Grand 19082

Technical Details

Network: GSM/ HSPA

Display dimension: 143.5 x 76.9 x 9.6 mm (5.65 x 3.03 x 0.38 in)

OS: Android OS, v4.1.2 (Jelly Bean), upgradable to v4.2.2 (Jelly Bean)

Card slot: micro SD, up to 64 GB

Memory internal: 8 GB, 1 GB RAM

Camera primary: 8 MP, 3264 x 2448 pixels, autofocus, LED flash

Alert types: Vibration; MP3, WAV ringtones

Loudspeaker: yes

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

a. Téhnik Studi Pustaka

Studi pustaka nya éta néangan sumber informasi tinulis nu kaasup wanda ilmiah, sumber nu dipake mangrupa buku, dokumén, jurnal, jrrd. Data nu geus aya tuluy dikaji pikeun néangan informasi, tiori, sarta solusi pikeun masalah panalungtikan.

b. Téhnik Obsérvasi

Marshall (dina Sugiyono, 2010, kc. 316) ngajelaskeun yén dina obsérvasi panalungtik bakal diajar ngeunaan paripolah sarta ma'na tina éta paripolah. Obsérvasi ngeunaan sistem kapercayaan masarakat Kampung Adat Ciptagelar dilakukeun ku cara niténan kajadian atawa hal nu aya patalina jeung panalungtikan.

c. Téhnik Wawancara

Pamadegan Esteberg (dina Sugiyono, 2010, kc. 317) yén wawancara mangrupa kagiatan komunikasi antara dua jalma atawa leuwih pikeun néangan informasi jeung idé ngaliwatan kagiatan tanya jawab nepi ka kapanggih hiji ma'na tina hiji topik.

d. Téhnik Dokuméntasi

Sugiyono nétélakeun yén hasil panalungtikan bakal leuwih bisa dipercaya upama dieuyeuban ku foto atawa karya tulis akademik jeung seni nu geus aya saméméhna (2010, kc. 329).

Dumasar kana téhnik di luhur, ngumpulkeun data dilaksanakeun ngaliwatan tahap-tahap ieu di handap.

1. Maluruh informasi tinulis ngeunaan Kampung Adat Ciptagelar.
2. Datang ka Kampung Adat Ciptagelar pikeun ngumpulkeun data ngeunaan Kampung Adat Ciptagelar ku cara obsérvasi, wawancara, jeung ngarékam.
3. Nyatet sakur informasi nu dipikabutuh pikeun panalungtikan.

3.4 Téhnik Analisis Data

Analisis data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik étnografi ngumpulkeun jeung nulis data sacara *life cycle arrangement* atawa nyusun katerangan ngeunaan adat-istiadat sarta unsur-unsur budaya di masarakat, sarta sacara *genealogi* atawa ngumpulkeun data dumasar katerangan katurunan. Data nu geus dikumpulkeun tuluy dianalisis ogé maké téhnik unsur langsung. Ari langkah-langkahna saperti ieu di handap.

1. Niténan deui data nu geus dikumpulkeun.
2. Nyieun papasingan data hasil panalungtikan.
3. Nganalisis data.
4. Ngadéskripsikeun data.
5. Nafsirkeun sarta nyieun kacindekan.